



# AKÒ KALIFIKASYON

Non: \_\_\_\_\_ Dat Nesans \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_

Paran/Responsab: \_\_\_\_\_ Nimewo ID Fanmi \_\_\_\_\_

Siyen mwen siyen non mwen vle di mwen sètifye pawòl ki vin apre yo:

- ✓ Mwen gentan li e mwen konprann 'Dwa ak Responsabilite' mwen genyen antanke patisipan Pwogram Fanmi, Tibebe ak Timoun (WIC an anglè).
- ✓ Mwen konprann se posib anplwaye WIC yo gendwa pataje non, adrès, nimewo telefòn, ak dat nesans mwen menm ak pitit mwen avèk pwogram ki site pi ba yo, nan objektif pou yo decide kalifikasyon fanmi mwen pou kowòdinasyon swen avèk lòt sèvis yo:
  - Depatman Asistans Tranzisyonèl – Benefis SNAP
  - Pwogram Head Start/Early Head Start
  - Depatman Sante Piblik – Pwogram Prevansyon Anpwazònman Plon pou Timoun
- ✓ Mwen konprann, antanke yon fanm ki fèk akouche, yo gendwa pataje adrès ak/oswa nimewo telefòn mwen avèk Sistèm Jesyon Evalyasyon Risk Depatman Sante Gwosès la (Department of Public Health's Pregnancy Risk Assessment Monitoring System) pou envite m konplete yon sondaj sou gwosès.

Pwogram sa yo pral sèvi ak enfòmasyon WIC mwen an sèlman sou WIC ak Pwogram pa l. Yo pap pataje enfòmasyon WIC mwen an ak lòt moun san yo pa gen pèmasyon m alekri, jan lalwa di sa. Pwogram sa yo dakò kenbe enfòmasyon WIC mwen an prive.

ATANSYON: LWA ETA A DI: M.G.L. c. 266, 67B, Reklamasyon yo soumèt devan Eta oswa Vil la ki fo, ki se fwod, oswa ki se manti. Nenpòt moun ki fè oswa ki prezante devan yon anplwaye, depatman, ajans, oswa biwo piblik Eta a, oswa nenpòt pati politik ladan l, nenpòt reklamasyon kont nenpòt depatman, ajans, oswa biwo piblik Eta a, oswa nenpòt pati politik ladan l, e ki konnen reklamasyon l ap fè a se yon reklamasyon ki fo, ki se fwod, oswa ki se manti, ap jwenn pinisyon yon amann ki pap depase 2 mil dola, oswa yon santans nan prizon eta a ki pap depase 5 an, oswa nan yon kay korèksyon ki pap depase dezan edmi, oswa toulede. **Fwod kriminel (bay manti pou jwenn benefis WIC yo) anba lwa Federal la ba yon amann ki rive nan \$25,000 oswa jiska 5 an prizon, oswa toulede.**

Mwen te bay enfòmasyon ki kòrèk pou yo decide si m kalifye (idantite, rezidans, fanmi m gen \_\_\_\_\_ moun ladan l, revni total manm fanmi k ap travay yo, peman sipò timoun, revni lokatè, ak nenpòt lòt resous revni).

Mwen konprann si m poste lèt bebe/manje sou Entènèt pa mwayen Craigslist, Facebook, eksetera, pou m ka vann bagay mwen jwenn gras a benefis WIC yo, oswa si m boukante oswa fè kado lèt bebe/manje WIC yo, sa ap fè mwen menm oswa pitit mwen diskalifye pou jiska ennan e yo ka lanse yon aksyon legal kont mwen pou m remèt lajan pou tout benefis sa yo

Mwen konprann mwen dwe remèt tout lèt bebe/manje WIC mwen pa itilize bay klinik WIC a.

Mwen pral fè anplwaye WIC yo konnen si m resevwa lèt bebe nan men MassHealth oswa lòt konpayi asirans.

Anplwaye WIC yo gendwa verifiye enfòmasyon mwen te bay pou yo decide si m kalifye.

Patisipan/Paran/Responsab/Reprezantan: \_\_\_\_\_

Inisyal Anplwaye yo: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_

## OPÒTINITE POU ENSKRI POU VOTE – FÒMILÈ REFI

### Pati A

Si w pa enskri pou w vote kote w ap viv kounye a e ou kalifye pou w enskri pou vote, èske w vle fè aplikasyon pou w enskri pou w vote isi a jodi a?

Wi  Non  Mwen deja enskri kote mwen viv kounye a

(Si w deja enskri pou vote kote w rete kounye a, e adrès ou pa chanje, ou pa bezwen enskri pou vote ankò.)

Siyati: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_

Siyati anplwaye: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_

Si w pa kwoche youn nan kare yo, y ap konprann ou deside pa anskri pou vote aprezan.

---

## OPÒTINTE POU ENSKRI POU ALÈT IMÈL YO – SÈLMAN POU PWOGRAM LOKAL

Adrès Imèl: \_\_\_\_\_

Wi  Non  Mwen deja enskri pou alèt imèl yo

Siyati anplwaye: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_

---

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.

